

# DWA OU E DWA EDIKASYON PITIT NAN ETAZINI

- **Pitit ou a gen dwa ale nan lekòl leta gratis**, kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa pitit ou san pèdi tan.
- Si w pa genyen dokiman lekòl yo mande pou pitit ou a alel, lekòl la ta dwe travay avèk ou pou w jwenn yo oswa pou w itilize enfòmasyon ou genyen yo. Pa egzanp, si ou pa gen batistè pitit ou a, lekòl la ka aksepte yon deklarasyon alekri nan men ou ki endike dat nesans pitit ou a.
- Si anglè pa premye lang pitit ou, **lekòl yo dwe bay sipò langaj ak sèvis pou pitit ou a ka aprann** . Si pitit ou gen yon andikap, lekòl la dwe bay tout sèvis edikasyon espesyal AK sipò/sèvis lang.
- **Si pitit ou a jwenn difikilte pou aprann paske li gen yon andikap pitit ou a gen dwa pou jwenn sipò ak sèvis adisyonèl nan lekòl la**. Ou ka mande lekòl la teste pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal . Lekòl la dwe teste pitit ou a nan lang ki pi byen montre konpetans ak konesans pitit ou a.
- Lekòl la **dwe itilize yon entèprèt ki kalifye** lè yo bezwen pale avèk ou. Aprè sa, lekòl la **dwe tradwi tout dokiman** ou bezwen nan men yo nan lang ou (san ou pa peye pou sa).
- **Li ilegal pou lekòl yo genyen règ diferan pou ou oswa pou pitit ou poutèt peyi ou soti**. Lwa sa a gen ladan l elèv ak paran ki pa gen dokiman.

**Nou ka ede ou gratis nan plizyè lang. Liy èd pou ede ou a:  
617-357-8431**

Rele nou pou diskite tout pwoblèm ki gen rapò ak  
enskripsyon nan lekòl, edikasyon espesyal, edikasyon nan  
lang anglè, aksè nan lang, ak plis ankò.

Eskane QR kòd pou ou gin aksè ak  
Liy èd lan, oswa vizite nou  
sou entènèt pou plis enfòmasyon



@massadvocates

www.massadvocates.org

# YOUR AND YOUR CHILD'S EDUCATION RIGHTS IN THE U.S.

- **Your child has the right to go to public school for free**, regardless of your or your child's immigration status and without delay.
- If you do not have the documents that schools require for your child to go to school, the school should work with you to get them or use the information that you have. For example, if you do not have your child's birth certificate, the school can accept a written statement from you stating your child's date of birth.
- If English is not your child's first language, **schools must provide language support and services so that your child can learn**. If your child also has a disability, the school must provide both special education services AND language support/services.
- **If your child finds learning difficult because they have a disability your child may have the right to additional support and services at school**. You can ask the school to test your child for special education services. The school must test your child in the language that best shows your child's skills and knowledge.
- The school **must use a qualified interpreter** when they need to speak with you. And the school **must translate all the documents** you need from them into your language (at no cost to you).
- **It is illegal for schools to have different rules for you or your child because of the country you come from**. This law includes students and parents who do not have documents.

**Our Free Multilingual Helpline is here to help:**

**617-357-8431**

Call us to discuss concerns with school enrollment, special education, English language education, language access, and more.

Scan the QR code  
for our Helpline,  
or visit our website  
and social media for  
more information



@massadvocates

www.massadvocates.org